# Адыгэбзэм  теухуа зэ1ущ1э зэ1уха

## ИРЕБЗЭРАБЗЭ СИ АДЫГЭБЗЭР!

## Курыт еджап!эм хуагъэзыр гуп

Згъэхьэзырар: «Нур» сабий садым и гъэсак1уэ
Щхьэгъэпсо Аринэ

**Мурадхэр:** Хэку къызыщалъхуам ,къызыхэк1а лъэпкъым къыдек1уэк1 адыгэ хабзэ дахэхэр куу хъуным елэжьын. Сабийхэм я бзэм зегъэужьын, кьыдалъхуа адыгэбзэр ящ1эн зэрыхуейр, яхъумэн зэрыхуейр кэагурыгъэ1уэн, яхутепсэлъыхьын,абы мыхьэнэшхуэ и1эр яже1эн, япхыгъэк1ын. Я бзэм иригушхуэу,ирипагэу щытыным, бзэ къабзэк1э псалъэным хущ1экъун. Адыгэбзэм теухуа усэ ц1ык1ухэр егъэщ1эн. Сабийхэм я псалъалъэр нэхъ къулей щ1ынымк1э лэжьыгъэ ядегъэк1уэк1ын, псалъэ гугъухэм, мытэмэму къапсэлъ макъхэм елэжьын.
**Пэщ1эдзэ лэжьыгъэ**: Сабийхэм псалъэмакъхэр адыгэбзэм и мыхьэнэм теухуауэ ядедгъэк1уэк1ащ, я бзэр ямыщ1эу зэрымыхъунур къагурыдгъэ1уащ. Адыгэбзэк1э усэ ц1ык1ухэр,уэрэд ц1ык1ухэр,хъуэхъухэр,псалъэжьхэр зэдгъэщ1ащ,адыгэ хъыбарыжьхэм дакъыхуеджащ. Адыгэ сабий джэгук1эхэр едгъэц1ыхуащ.
**Зэрек1уэк1ынур:**
Уэрэд «Си анэбзэ, си адыгэбзэ»: ( Маремыкъуэ Хъ.)
(Джэдгъэф Борис)

1.Пщэдджыжь нэхулъэм вагъуэр полъэлъри,
Къуалэбзуубзэр мэхъур пшынэбзэ
Бзум и бзэ дахэр сф1ощ1 си анэбзэ
Сэ си анэбзэ, си адыгэбзэ.

2.Къэт1ысыт сибгъук1э си анэ дыщэ
Гущэкъу уэрэдк1э къызэ1ущащэ
Сэ псэуэ си1эр ар си анэбзэщ,
Ар си анэбзэщ, си адыгэбзэщ.

3.Жыгей мэзыжьу жьым къигъэушым
Ныдэуэршэру псынэр мэушэ,
Псынэ 1ущащэр сф1ощ1 си анэбзэ,
Сэ си анэбзэ,си адыгэбзэ.

4.Гъатхэ накъыгъэм щ1ыр игъэпсалъэу,
Гулъхэр бэвыгъэу къызэрылъэлъым,
Щ1ылъэм 1урылъыр сф1ощ1 си анэбзэ,
Сэ си анэбзэ, си адыгэбзэ.

**1. Езыгъэк1уэк1.** Зэ1утхащ ди гуапэу сабий садым и бжэр ф1эхъус апщий.

2.Нэм хуэдэу ди анэхэ,
Дэм хуэдэу ди адэхэ,
Дахэу ди шыпхъухэ,
Жану ди къуэшхэ,

1.Дыгъэ щыгъэу ди щ1эблэ ц1ык1ухэ!
Фыкъеблагъэ, зи бзэр псэм пэзыщ1хэр
Ар сыт щыгъуи япэ изыгъэщхэр
Ди бзэр набдзэу къэзыбж псори
Гуапэу ди зэ1ущ1эм фыкъеблагъэ!
2.Ди зэ1ущ1эр зытеухуар ди бзэ дахэм
ди бзэ къабзэм
Ди адыгэбзэу ди анэдэльхубзэм.
1.Си бзэ дахэу адыгэбзэ,
Си бзэ щабэу адыгэбзэ,
Узигъусэщ жэщи махуи,
Гуэщ1агъу щ1элъу сянэм и бзэ. Азэмэт.
2.Адыгэбзэ уэ си гъащ1эм Ясминэ.
Хьэл- щэныф1хэр къыхэплъхьащ
Сыбгъэгушхуэу сытым щыгъуи
Уэ си гъащ1эм ухэлъынщ.
3.Адыгэбзэм нэхъ сф1эдахэ
Зы бзэ закъуи зэхэсхакъым
Адыгэбзэм хабзэ дахэр
Симыгъащ1эу хуэшэчакъым Лянэ
4.Адыгэбзэ, уэ си дыгъэр
Махуэ къэск1э къысхуоупсэ
Адыгэбзэм и дахагъэм
Къыхелъхьэжыр адыгэпсэ. Даниза

**Адыгэ къафэ сабийхэм ягъэзащ1э.- (Лъапэрисэ)**

**1.Езыгъэк1уэк1** Анэдэлъхубзэ! Мы псалъэхэр ди гум къохуэбыл1э, дегъэин. Абы дэ зыхыдегъащ1э къыддалъхуа , ди гум щыдгъаф1э бзэ лъап1э дызэри1эр. Зи бзэр ф1ыуэ зымылъагъуж , ар зымыщ1э ц1ыхум къыщалъхуа лъэпкъыр ф1ыуэ хуэлъагъунукъым. Бзэмк1эщ узыщыщ лъэпкъри, абы и хабзэ дахэри , уи щ1ыналъэ хъуэпсэгъуэри зэрызэхэпщ1эр.

**2.Езыгъэк1уэк1.** Бзэм лъэпкъыр зы ещ1, зы лъэпкъыр адрейхэм къащхьэщегъэк1. Бзэр имы1эмэ, лъэпкъым и лъэпкъыгъэр ф1ок1уэд, ар адрейхэм яхошыпсыхьыж.

Зи щхьэ, зи лъэпкъ пщ1э хуэзыщ1ыж дэтхэнэри телэжьэн хуейщ къыдалъхуа и анэдэлъхубзэм, ар и нэ, и псэуи илъагъуу, и1этын хуейщ.

Бзэм и гъащ1эр зи 1эмыщ1э илъыр къэзыгъэщ1а лъэпкъырщ, пэжу бгъэдэтмэ, тэмэму игъэлажьэмэ, еф1эк1уэнущ.

**Иджыпсту ди сабиихэм къывжа1энщ:**
**уэрэд: «Ди адыгэбзэ, ди хабзэ дахэ.» жыхуи1эр.**

1.Си анэдэлъхубзэу си псэ, Альбинэ
Си анэдэлъхубзэу си нэ,
Щхьэ ущымы1ужрэ къабзэу
Нобэ уэ адыгэ унэм?
2. Си анэдэлъхубзэу дахэ,
Си анэдэлъхубзэу пагэ,
Зэгуэр ди адэжьхэр уэрти
Дуней псом яэзрыхэтыр Ахьмэд

3. Си анэдэлъхубзэу гуапэ,
Си анэдэлъхубзэу гуащ1э,
Уи бын пэжхэр щ1ым гуп-гупу
Щызэбгридзакъэ гъащ1эм? Сальма

4. Си анэдэлъхубзэу нахуэ,
Си анэдэлъхубзэу хахуэ,
Зы шу закъуэу щытми нартыр
Пэувыфти и дзэм чынтым. Алианэ

5. Си анэдэлъхубзэу уардэ,
Си анэдэлъхубзэу быдэ,
К1уэщ1ыр пэжмэ уэ уи л1ыгъэр,
Ар дэращ зи хуэмыхугъэр. Камилэ

6. Сэ си нанэр папэ янэщ
И псэр адыгэпсэщ
Сэ си дадэр папа ядэщ
И бзэр адыгэбзэщ!
Адыгэпсэ-нанэ и псэ
Сыту упсэ дахэ.
Адыгэбзэ-дадэ ибзэ,
Сыту убзэ дахэ! Дариана

7. Си бзэ дахэу адыгэбзэ,
Си бзэ дахэу уэ си нэху
Уэращ си анэдэлъхубзэр
Сф1эбэмащ1эщ сыпсэлъэху. Даринэ

**1.Езыгъэк1уэк1:** Урысыбзэр дунейм нэхъ бзэ лъэщ дыдэу щы1эхэм ящыщщ, ар умыщ1эу уи щ1эныгъэм, уи акъылым зиужьынукъым.

**2.Езыгъэк1уэк1:** Ауэ ар тэмэму пхузэгъэщ1энукъым уи анэдэлъхубзэр нэгъэсауэ умыщ1эу.

**К1ыщокъуэ Алим и усэ сатырхэм къыхощ ар:**
**Адыгэбзэр зэзмыгъащ1эу**
**Урысыбзэр сщ1эн слъэк1акъым.**

**Зи бзэр зымылъагъужым и лъэпкъри зрипэсыжыркъым. Анэдэлъхубзэр 1умпэм зыщ1ым къызыхэк1а лъэпкъри къыдалъхуахэри егъэпуд.**

1.Си гъатхэ дыгъэ къуэмыхьэж
Си гукъыдэж, си гурыф1ыгъуэ,
Узи1эу зыми семыфыгъуэ
Узи1эу зыми семыиж. Саид

2.Си анэдэлъхубзэ, уэ улъэщщ,
Зи зэманыгъуэу угурыхуэщ
Ц1ыхугу дэтхэнэри къот1эщ1
Уэ ущагъабзэк1э 1эрыхуэу. Алианэ

3.Си лъэпкъым щ1эблэ къыщ1эхъуам
Насып вагъуэбэу ужьэхэпсэу
Я нэхъ тхьэмыщк1э ущыхъуам
Уре1э уэ, си адыгэбзэ! 1эминэ.

**Иджы ди сабиихэм ягъэзащ1эу феда1уэ иджыри зы уэрэд:**
**«Си бзэ,си псэ,си дуней.»**

**2.Езыгъэк1уэк1:** Нобэрей адыгэ щ1эблэм ди къалэнщ къыддалъхуа бзэр, ди адэшхуэхэм къащ1эна хабзэ дахэхэр тхъумэну, ипэк1э дгъэк1уэтэну, лей къытедмыгъэхьэну**.**

Хуэблэжьыр лъэпкъым нэхъри уэ бгъэбагъуэу,
Ди адыгэбзэ, куэдрэ уэ тхуэпсэу.
1эф1ыгъэу, л1ыгъэу пхэлъым, уи гуапагъэм
Щыгъуазэ сщ1ынт, слъэк1амэ, дуней псор.

**Хъуэрыбзэхэр.**

Сабийхэм ягъэзащ1эу адыгэ хабзэм щыщ зы 1ыхьэ: «Гущэхэпхэ»
Адыгэ хъуэхъу дахэхэмк1э зэ1ущ1эр зэхудощ1ыж!
Адыгэ къафэ сабийхэм ягъэзащ1э.

Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение
«Средняя общеобразовательная школа №1»
с.п. Аргудан дошкольное  подразделение

Адыгэбзэм  теухуа зэ1ущ1э зэ1уха

# ИРЕБЗЭРАБЗЭ СИ АДЫГЭБЗЭР!

Курыт еджап!эм хуагъэзыр гуп

Згъэхьэзырар: «Нур» сабий садым и гъэсак1уэ
Щхьэгъэпсо Аринэ

2020гъ.